**दिन—शनिवार** **दिनांक—30.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारमण कहलनि जे वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि विकसित भारतक लक्ष्यकेँ प्राप्त करए मे महिला सभहक महत्वपूर्ण भूमिका रहतनि। मधुबनी जिलाक झंझारपुर मे एक ऋण आउटरिच कार्यक्रमकेँ सम्बोधित करैत वित्तमंत्री कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीकेँ सपना छनि की भारत के विकास महिला सभहक नेतृत्व मे हेबाक चाही। कार्यक्रमक क्रममे ओ पचास हजारसँ बेसी लाभार्थी सभ के एक हजार एक सय एकैस करोड़ टाका सँ अधिक के ऋण के स्वीकृति पत्र सौंपलनि। केन्द्रीय वित्तमंत्री सीतारमण प्रधानमंत्री स्वनिधि, प्रधानमंत्री विश्वकर्मा, मुद्रा, स्टैंडअप इंडिया आओर किसान क्रेडिट कार्ड योजना सभहक अंतर्गत विभिन्न लाभार्थी सभ कँ ऋणक संवितरण कयलनि। एहिसँ पहिने ओ स्व—सहायता समूह, विशेष तौर पर जीविका दीदीक सदस्य सभहक संग गपशप कयलनि। ई महिला सभ हस्तशिल्प, माँटिसँ बनल बर्तन, मशरूम आओर अन्य अलग—अलग कृषि उत्पाद सभहक प्रदर्शन कयलनि। श्रीमती सीतारमण मधुबनी जिलाक सौराठ गाम सेहो गेलीह। जतऽ ओ मिथिला चित्रकला संस्थान मे कारीगर, महिला शिल्पकार आओर मधुबनी पेंटिंगकेँ कलाकार सभकेँ अतिरिक्त पद्म पुरस्कारसँ सम्मानित व्यक्ति सभसँ भेँट कयलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे राज्य सरकार किसान सभकेँ सभ तरहे सुविधा देबाक लेल। काज कऽ रहल छथि। श्री कुमार पटनाक गाँधी मैदान मे चारि दिवसीय राज्य स्तरीय कृषि यांत्रिकरण मेला एग्रो बिहार, दू हजार चौबीसक उद्घाटन करैत कहलनि जे राज्य सरकार किसान सभहक हित मे कृषि रोड मैप बनौलनि। ओ कहलनि जे एकर लाभ बहुत पैघ स्तर पर किसान सभकँ भेटैत अछि। एहिसँ पहिने ओ मेला मे लगाओल गेल कृषि यंत्र प्रदर्शनीक निरीक्षण कयलनि आओर चिन्हित किसान सभकेँ कृषि टूल किट वितरण कयलनि।

———————————————————————————

राज्यक सरकारी स्कूल मे काल्हिसँ नब समय सारणी लागू भऽ जायत। सोम दिनसँ कक्षा सभ नब समय सारणीक अनुसारेँ संचालित होयत। शिक्षा विभागक निर्देश कँ अनुसारे भोरे साढ़े नओ बजेसँ सांझ चारि बजे धरि स्कूल सभ मे पठन–पाठनक काज संचालित कयल जायत। भोरे साढ़े नओ बजे सँ दस बजे धरि प्रार्थना होयत आओर पहिल कक्षा दस बजे सँ शुरू भऽ जायत। बढ़ैत जाड़ के देखैत स्कूलक समय मे ई परिवर्तन कयल गेल।

———————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोगक दिससँ अनुशंसित प्रधानाध्यापक, प्रधान शिक्षक, विद्यालय अध्यापक आओर सक्षमता परीक्षा उत्तीर्ण स्थानीय निकायकँ शिक्षक सभक काउंसिलिंग नओ दिसंबरसँ एकतीस दिसंबर धरि आयोजित कयल जायत। शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे प्राथमिक विद्यालय सभहक प्रधान शिक्षक सभकँ आओर उच्च माध्यमिक विद्यलाय सभहक प्रधानाध्याक कँ काउंसिलिंग नओ सँ तेरह दिसंबर धरि होयत।

———————————————————————————

लखीसराय मे आइ सँ तीन दिवसीय राज्य स्तरीय युवा महोत्सव शुरू भऽ गेल। केन्द्रीय पंचायती राज मंत्री राजीव रंजन उर्फ ललन सिंह आओर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा महोत्सवक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर केन्द्रीय मंत्री कहलनि जे एहन आयोजन सभसँ बिहारक प्रतिभा सभकँ आगू बढ़बाक अवसर भेटैत अछि। ओतहि, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे विकसित बिहार कँ लऽकऽ सिनेमा बनाओल जायत, जाहि मे दू हजार पाँच के बादक, बिहारकँ प्रदर्शित कयल जायत। महोत्सव मे राज्यक सभ जिलासँ एक हजार चौवन प्रतिभागी एहि महोत्सव मे सम्मिलित हेताह।

———————————————————————————

राज्य सरकार बिहार सोशल मीडिया आओर आन ऑनलाइन मीडिया नीति दू हजार चौबीसक घोषणा कयलक। एकर अंतर्गत सोशल मीडिया इन्फ्लुएंसर्स, वेब मीडिया आओर

मोबाइल एप संचालक विज्ञापनक लेल सूचीबद्ध भऽ सकैत अछि। एहि लेल इच्छुक व्यक्ति वा फॉर्म आइ सँ पन्द्रह दिसम्बरसँ आवेदन कऽ सकैत छथि।

———————————————————————

अयोध्यासँ जनकपुर जा रहल श्रीराम जानकी शोभा यात्रा आइ शिवहर पहुँचत। शिवहरक कतेको भाग मे राम जानकी शोभा यात्राक भव्य स्वागत कयल गेल। तीन दिसंबर के ई यात्रा नेपालक जनकपुर पहुँचत। छओ दिसंबर कैँ विवाह पंचमीक अवसर पर तिरूपति बालाजी सँ आयल चालीस पुजारी सभहक समूह जनकपुर धाम मे श्री राम जानकी विवाह संपन्न करौतथि।

———————————————————————

पटना मैराथन दू हजार चौबीसक काल्हि आयोजन कयल जायत। मद्य निषेध विभाग एहि वर्ष मैराथनक थीम–रन फॉर नशामुक्त बिहार राखल गेल। विभागक सचिव विनोद सिंह गुंजियाल कहलनि जे एहि दौड़ मे सम्मिलित विजेता सभकैँ अलग–अलग श्रेणी मे पचास लाख टाका तक ईनाम देल जैतनि। पटनाक यातायात एसपी अपराजित लोहान जनौलनि जे मैराथनक आयोजन के देखैत आइ राति बारह बजे सँ काल्हि भोरे एगारह बजे धरि अटल पथ आओर जे.पी. गंगा पथ के एक लेन पर वाहन सभहक परिचालन बंद रहत।

———————————————————————

समाप्त